

Gwo son twonpèt pral akonpanye rasanbleman sa-a kap gen moun toupatou sou pa tè ladan'l. Kidonk, se pap yon evènman kap rive fèt an kachèt.

YON RETOU KAP FÈT NAN LA GLWA

Lè Jezi ap retounen, lap vini kòm yon triyonfatè ak anpil pwisans nan glwa Papa'l ak zanj li yo. (Mat 16: 27) Apot Jan eseye montre kijan retou sa-a ap wolooy. Li montre Jezi kap galope sou yon cheval blan e yon bann ak yon pakèt lame selès akonpanye'l. Limyè-a Kris la ap parèt ak tout fòs li. (Rev 19: 11- 16)

POU FINI

Ou men'm kap li mesaj sa-a, alòs ke tè-a ak tou sa ki ladan'l pral boukannen nan yon flanm dife, ki kote ou panse wap ye lè Jezi ap parèt anlè nyaj yo? Jodi-a, se jou Sali-a tankou Bib la di'l nan 2 Korentyen 6: 2 "Zanmi, tanpri pran yon ti tan pou'w konprann byen sa Senyè-a mande pou'w ka antre gratis ti cheri nan vil an nò Bon Dye ki wa-a lè lap desann avèk Jezi nan tè li.

Sa papa Bon Dye mande pou nou fè, nap jwenn li nan Bib la. Sonje byen sa Jezi te di: "Si ou vle antre nan lavi-a, se pou'w fè sa kòmandman yo mande." (Mat 19: 17)

Epi ankò li di nan Jan 14: 15: "Si nou renmen'm tout bon vre, se pou'n obeyi kòmandman m' yo." Nan liv Revelasyon 22: 14 nou li: " Benediksyon pou moun ki gade kòmandman yo, ya gen dwa manje fwi pye bwa kibay la vi-a, pou yo ka pase nan pòtay lavil la." Zanmi, moman pou'w deside-a se pa demen, se Jodi-a menm.

Mèsi anpil, Jezi pa lwen tounen!

Pierre E. Omeler, CSA

Atlantic Union Conference Vice President. Haitian Ministries, African Ministries. Adventist Community Services & Prison Ministry Director. Assistant Ministerial Director. Member of the Society of Certified Senior Advisors. North American Division Of SDA Franco-Haitian Ministries Director



Mesaj sa-a se yon koutwazi: **Mouvman Evanjelik Ouvriye Dènye Moman-an (MEODH)**
www.laicenmarche.org; www.laicenmarche.com; www.meodh.org nan tèl kole ak **Federasyon Sentral Advantis 7e jou-a nan peyi dayiti. (FEDCHAS)**
Contact info: laicenmarche@gmail.com
(631) 949- 6964; (203) 247- 0596; (703) 244- 8480



Gwo Siy nan Syèl la

Plè Fenomèn Terib

TRANBLEMANNTÈ

Gwo Grangou


Lagè



*Tout bagay pral fini talè konsa.
Tanpri zanmi, pran yon ti tan pou'w li mesaj sa-a,
se yon **paspò** wap jwenn **gratis**, kap pèmèt ou al
viv pou tout **letènite**.*



www.meodh.org
www.laicenmarche.org



Dezyèm retou Jezi a, se pi gwo espwa nou!

Kwayans l'Egliz Advantis 7e jou-a sou kesyon retou Jezi-a ka rezime konsa: Dezyèm retou Jezi-a se pi gwo espwa legliz la e se pwen ki pi enpòtan pou levanjil la.

Retou Sovè-a se yon reyalyite tout bon, pou chak moun, tout rakwen sou la tè ap wè'l. Lè sa-a, moun ki tap odsève pawòl la ap leve anba tè, avèk moun sove ki pat mouri yo, nan glwa Papa-a, yap monte tou dwat nan syèl. Epi mechan yo ap mouri la pou la.

Preske tout pwofesi ke Bib la te anonse sou kesyon sa-a finn rive. Sitiyasyon nap viv jounen jodia montre nou aklè ke Jezi ap vini san mank. Jou ak lè bagay sa-a pral rive-a, pèsonn pa konnen'l, se poutèt sa nap avèti tout moun, zannanna kou pengwen pou yo pare tann moman sa-a. (Mat 24; Jan 14: 1- 3; 1 Kor 15: 51- 54; Rev 1: 7)

Oumen'mkaplimesajsa-akisaoukonnenouretouJeziSovè nou-an? Eske ou kwè tout bon vre ke Jezi ap desann sòti nan syèlvinisoutè-a, tankoujanBibladisa? Malerezman, genanpil moun ki pakwèke Jezi apretounen jan li men'm li pwomèt nou sa. Nou envite'w fè yon ekzamen konsyans ak limyè ke Bib la bay.

PREMYE FWA JEZI TE VINI-AN SE YON GARANTI KE LAP RETOUNEN ANKÒ

Dezyèm fwa Jezi ap vini-an makònen avèk premye fwa li te vini-an. Si premye fwa-a Jezi pat vini, e si li pat pote gwo viktwa sou peche ak satan tankou Kolosyen 2: 15 di'l, nou patap genyen okenn rezon pou nou kwè ke lap tounen nan tan la fen-an, pou mete yon bout ak gran panpan satan ap fè sou tè-a, lap gen pou'l fè yon pase men e mete tè-a tou nèf jan'l te ye-a avan peche te parèt. Men'm jan nou kwè ke li te vini yon fwa deja pou fini ak peche kote li te sakrifye kò'l sou la kwa, nou gen tout rezon pou nou kwè ke lap vini yon dezyèm fwa san peche pou moun kap tann li pou yo ka sove. (Ebre 9: 26, 28)

KÒMAN JEZI AP GEN POU'L VINI?

Jezi li menm tap pale sou sa kap rive avan'l vini, li mete pèp li-a sou pinnga yo kont moun kap simaye move enfòmasyon ki ka rive twonpe anpil moun. Li di yo avan'l vini, gen fo Kris ak fo pwofèt kap parèt, ya rive fè anpil mèvèy ak gwo mirak nan lide pou twonpe si sa ta posib menm moun ke Bon Dye chwazi yo. Si yon moun ta di nou: Gade, men Kris la bò isit, osinon men li bò la-a, pa kwè li. M'tou di nou yon nonm ki avèti vo 2.

Pou pèmèt moun ki kwè jwenn mwayen pou fè distenksyon ant vrè evènman ak bri kouri pou gran mesi, anpil vèsè bay presizyon sou fason retou Kris la ap rive fèt.

1) VA GEN GWO BATAY TOUPATOU. Menm si istwa revele ke lagè touye anpil moun, jan bay yo mele la-a genlè sa pi rès. Premye ak dezyèm gè mondyal touye plis moun pase tout lòt batay ki eklate nan istwa la tè.

2) ANPIL KATASTWÒF NATIRÈL AP RIVE FÈT. Depi plizyè dizenn ane, tout moun fini pa remake ke baygay yo tèt anba. Tout planèt la frape nèt, epi fason ke klima-a finn deteryore pouse anpil moun kwè ke sitiyasyon-an vini san kontwòl. Ti kal pa ti kal, klima-a ak anironman-an ap chanje.

3) AP GEN GWO GRANGO. Bagay sa-a rive plizyè fwa deja nan tan lontan, jounen Jodi-a bagay yo vinn pi mal, anpil milyon moun vant mare ap soufri san manje. Pa gen espwa pou demen ke sa ka chanje, koze sa-a montre a klè jan retou Jezi-a pre.

SE YON RETOU PÈSONÈL E REYÈL

Lè Jezi tap monte nan syèl la nan yon ti nyaj, gen 2 zanj ki te di disip yo: "Nou menm, moun Galile, poukisa nou rete la-a ap gade syèl la konsa? Jezi sa-a ki fèk sot nan mitan nou-an pou moute nan syèl la, li gen pou'l tounen menm jan nou wè'l monte nan syèl la. (Travay Apòt yo 1: 11) Zanj sa yo montre aklè ke menm Jezi ki kite yo-a se yon moun reyèl, yon moun ki gen vyann ak san, se pa yon espri kap retounen sou tè-a, dezyèm fwa lap vini-an ap reyèl e pèsònèl menm jan li te ale-a.

YON EVÈNMAN TOUT MOUN AP KA WÈ AK JE YO

Retou Jezi-a, se pa yon bagay ke nou pap ka wè. Se va yon rankont reyèl, yon moun tout bon. Jezi li menm pat vle lage dout konsènan moman sa-a. Li pran tout tan'l pou'l di disip yo: "Mesye, fè atansyon pou moun pa foure vye lide nan tèt nou, panse m'ka vini an kachèt." Li pran avèk yo ekzanp yon kout zèklè ki klere nan syèl la, ke tout je ka wè. (Mat 24: 27) Bib la di aklè ke ni moun kap sove ak mechan kap viv sou la è nan moman sa-a, ap gen pou yo viv gwo evènman sa-a. Apot Jan ekri: "Gade. Men Kris la ap vini sou tèt nwaj yo! Tout moun pral wè'l..."

E Jezi pwofite di kisa kap tann moun ki pap sove yo: "Lè sa-a, tout nasyon ki sou latè va pran kriye. Y'a wè Moun Bon Dye voye nan lachè-a ap vini anwo nwaj yo nan syèl la, avèk tout pouvwa, nan mitan yon bann bèl bagay." (Mat 24: 30)

YON EVÈNMAN KE TOUT MOUN PRAL TANDE

Bib la di ke tout moun sou tè-a ap pran konsyans de moman sa-a, menm jan nap wè'l la, konsa nap tandè'l ak 2 zòrèy nou tou: "Lè sa-a, n'a tandè yon gwo lòd pase, n'a tandè vwa chèf zanj lan ansanm ak kout klewon Bon Dye-a, epi Senyè-a menm va desann sot nan syèl la. Moun ki te mete konfyans yo nan Kris la lè yo te mouri, se yo ki va leve soti vivan an premye." (1 Tesalonik 4: 16)

